**BALALAR PSIXOLOGIYASÍ HÁM PSIXODIAGNOSTIKASÍ PÁNI BOYÍNSHA**
**(I-semestr)**
**juwmaqlawshı qadaǵalaw sorawları**

1. Balalar psixologiyası pániniń tiykarǵı maqseti.
2. Balalar psixologiyasınıń teoriyalıq wazıypalarınan aytıń.
3. Balalar psixologiyası qaysı pánler menen tıǵız baylanıslı?
4. Pedagogika hám balalar psixologiyası arasındaǵı tiykarǵı parıq nede?
5. Orta Aziya alımlarınan qaysı alımlardıń kózqarasları balalar psixologiyası rawajlanıwına tásir kórsetken?
6. Psixologiyalıq rawajlanıwdıń biologiyalıq koncepciyası qanday mazmunǵa iye?
7. Sociogenetikalıq (sociologiyalıq) koncepciya insan psixikasınıń rawajlanıwın qanday faktorlar menen túsindiredi?
8. Psixoanalitik teoriyalarǵa muwapıq balanıń dáslepki jıllarındaǵı tájiriybeler shaxs rawajlanıwında qanday rol oynaydı?
9. Ortogenetikalıq princip boyınsha bala psixik rawajlanıwı qanday basqıshlarda ótedi?
10. Shaxs psixologiyası rawajlanıwına tásir etiwshi tiykarǵı ishki hám sırtqı faktorlar nelerden ibarat?
11. Temperamenttiń shaxs qáliplesiwindegi ornı hám onıń tuwmalıǵı qanday túsindiriledi?
12. Iskerliktiń shaxs rawajlanıwındaǵı ornı ne hám ne ushın ol jetekshi faktor esaplanadı?
13. Sociallıq ortalıq hám tárbiyanıń bala psixikalıq rawajlanıwına tásiri nelerde kórinedi?
14. Eksperiment degen ne hám onıń túrleri qanday?
15. A.N.Leontevtiń iskerlik teoriyasına muwapıq, iskerlik hám motiv ortasındaǵı qatnas qalay túsindiriledi?
16. "Jetekshi iskerlik" túsinigi ne hám mektepke shekemgi jastaǵı balalarda bul qalay kórinedi?
17. Iskerliktiń dárejeleri qaysılar hám hárbir dáreje qanday xarakterge iye?
18. Balanıń psixikalıq rawajlanıwında oyın iskerligi qanday áhmiyetke iye?
19. Miynet iskerligi balanıń shaxs sıpatında qáliplesiwinde qanday rol oynaydı hám K.D. Ushinskiy bul haqqında qanday pikir bildirgen?
20. Hámileniń bas miyiniń rawajlanıwı qaysı háptelerde áhmiyetli ózgerislerdi basınan keshiredi?
21. Prenatal dáwirde hámileniń ómirsheńlik dáwiri qaysı basqıshqa tuwrı keledi hám ne menen belgilenedi?
22. Erte jastaǵı balanıń psixikalıq rawajlanıwı qanday xızmetler arqalı qáliplesedi hám ósedi?
23. Balanıń fizikalıq rawajlanıwın bahalawda dene salmaǵı, dene uzınlıǵı, bas hám kókirek sheńberi qanday rol oynaydı?
24. Erte jastaǵı balanıń qol háreketleri hám manipulyaciyalaw qábiletleri qanday basqıshlarda rawajlanadı?
25. Erte jastaǵı balanıń nerv sisteması, shártli refleksler hám shártli tormozlanıw qalay rawajlanadı?
26. Nárestelik dáwirinde balanıń fizikalıq rawajlanıwı qalay ótedi hám háreket kónlikpeleri qanday basqıshlarda payda boladı?
27. Nárestelik dáwirinde balanıń psixologiyalıq ózgeshelikleri hám sezimlik rawajlanıwı qalay kórinedi?
28. Balada sóylew rawajlanıwı qanday basqıshlardan ibarat hám sóylewdiń qáliplesiwine ne tásir etedi?
29. Nárestelik dáwirinde sensomotor rawajlanıw qalay júz beredi hám kóriw háreket koordinaciyası qalay qáliplesedi?
30. Nárestelik dáwirinde psixodiagnostika qanday usıllar arqalı ámelge asırıladı hám balanıń aqılıy rawajlanıwı qanday bahalanadı?

31. Mektepke shekemgi jastağı balalardıń rawajlanıwı hám xızmeti qanday psixologiyalıq qásiyetlerge iye boladı?

32. Mektepke shekemgi jastağı balalar nerv sistemasınıń rawajlanıwında qanday procesler áhmiyetli ról oynaydı?

33. Baqsha jasındağı balalarda mútájlikler hám qızıǵıwshılıqlar psixikalıq rawajlanıwǵa qanday tásir kórsetedi?

34. Baqsha ortalığı balalardıń psixikalıq, sociallıq hám intellektual rawajlanıwına qanday úles qosadı?

35. Seziw organları hám analizatorlar sistemasınıń úsh bólimi qanday hám olardıń wazıypaları nelerden ibarat?

36. Baqsha jasındağı balalarda diqqattıń ıqtiyarsız hám ıqtıyarlı túrleri qalay parıqlanadı hám olardı rawajlandırıwda oyınnıń róli qanday?

37. Balalarda diqqat kúshliligi hám turaqlılığı qalay kórinedi?

38. Dıqqattıń kólemi hám bóliniwshiligi mektepke shekemgi jastağı balalarda qalay rawajlanadı.

39. Mektepke shekemgi jastağı balalarda yadtıń tiykarğı qásiyetleri qalay kórinedi?

40. Mektepke shekemgi jastağı balalarda sóylewdiń sociallastırıw mexanizmi qalay isleydi hám bala sóylew arqalı jámiyetke qalay beyimlesedi?

41. Balalardıń sóylewin rawajlandırıwda leksikalıq, fonetikalıq, grammatikalıq hám baylanıslı sóylew bağdarları qalay qollanıladı?

42. Mektepke shekemgi jastağı balalarda pikirlewdiń rawajlanıw basqıshları qanday hám olardıń tiykarğı ózgeshelikleri nelerden ibarat?

43. J.Piaje teoriyası boyınsha, operaciyadan aldıngı basqıshta balalardıń pikirlewi qanday ózgesheliklerge iye?

44. L.S.Vigotskiy teoriyasında Jaqın rawajlanıw zonası (JRZ) ne hám onıń balalar oy-pikiriniń rawajlanıwındağı róli qanday?

45. Baqsha jasındağı balalarda pikirlew procesinde sorawlar beriwdiń áhmiyeti nede hám tárbiyashı bul proceste qanday járdem beriwi kerek?

46. Kórgizbeli-ámeliy, kórgizbeli-obrazlı hám logikalıq (abstrakt) pikirlew túrleri qaysı jas dáwirlerine sáykes keledi hám olardı rawajlandırıwdıń tiykarğı metodları qanday?

47. Balanıń jeke tájiriybesi kóz-qarastıń rawajlanıwına qanday tásir kórsetedi?

48. Mektepke shekemgi jastağı balalarda dóretiwshilik oylawdı rawajlandırıwdıń tiykarğı usılları.

49. Balalarda pikirlewdiń rawajlanıwındağı qıyınshılıqlar hám olardı saplastırıw usılları nelerden ibarat?

50. 1-3 jaslı balanıń óz betinshe háreket etiw hám qatnasqa kirisiw qásiyetleri qalay rawajlanadı?